# ASP Règ Pakin Bò Altène

Kalandriye Sispansyon pou Ane 2023 an

| | |
|---|---|
| **Joudlan*** | **Dimanch 1ye Janvye** |
| **Joudlan (Obsève)*** | **Lendi 2 Janvye** |
| Jou Twa Wa | Vandredi 6 Janvye |
| Jou Fèt Martin Luther King, Jr. | Lendi 16 Janvye |
| Lavèy Nouvèl An Linè | Samdi 21 Janvye |
| Nouvèl An Linè | Dimanch 22 Janvye |
| Jou Fèt Lincoln (Obsève) | Lendi 13 Fevriye |
| Jou Fèt Washington (Jounen Prezidans) | Lendi 20 Fevriye |
| Mèkredi Sann | Mèkredi 22 Fevriye |
| Purim | Jedi 7 Mas |
| Pak | 6-7 Avril, Jedi-Vandredi |
| Jedi Sen | Jedi 6 Avril |
| Vandredi Sen | Vandredi 7 Avril |
| Pak (7èm/8èm Jou) | 12-13 Avril, Mèkredi-Jedi |
| Jedi Sen (òtodòks) | Jedi 13 Avril |
| Vandredi Sen (òtodòks) | Vandredi 14 Avril |
| Idul-Fitr (Eid Al-Fitr) | Vandredi-Samdi 21-23 Avril |
| Solenite Asansyon | Jedi 18 Me |
| Shavuot (2 Jou) | 26-27 Me, Vandredi-Samdi |
| **Jou Memoryal*** | **Lendi 29 Me** |
| Juneteenth | Lendi 19 Jen |
| Idul-Adha (Eid Al-Adha) | 28-30 Septanm, Mèkredi-Vandredi |
| **Jou Endepandans*** | **Madi 4 Jiyè** |
| Fèt Asonpsyon | Madi 15 Dawout |
| **Fèt Travay*** | **Lendi 4 Septanm** |
| Rosh Hashanah | 16-17 Septanm, Samdi-Dimanch |
| Yom Kippur | Lendi 25 Septanm |
| Succoth (2 Jou) | 30 Septanm-1ye Oktòb, Samdi-Dimanch |
| Shemini Atzereth | Samdi 7 Oktòb |
| Simchas Torah | Dimanch 8 Oktòb |
| Jou Kristòf Kolon | Lendi 9 Oktòb |
| Fèt Dè Mò | Mèkredi 1ye novanm |
| Jou Eleksyon | Madi 7 Novanm |
| Jounen Veteran (Obsèvis) | Vandredi 10 Novanm |
| Jounen Veteran | Samdi 11 Novanm |
| Diwali | Dimanch 12 Novanm |
| **Jounen Thanksgiving*** | **Jedi 23 Novanm** |
| Imakile Konsepsyon | Vandredi 8 Desanm |
| **Jou Fèt Nwèl*** | **Lendi 25 Desanm** |

## Enfòmasyon

Lòt Règleman pou Estasyònman Doub ka sispann tanzantan akòz nèj, move tan oswa lòt ijans. Tanpri ale sou sitwèb nou nan **nyc.gov/dot** oswa rele **311** pou jwenn lòt enfòmasyon.

Moun ki Soud oswa Moun ki Mal pou Tande ki Itilize TTY, rele (212) 504-4115.

## Èske Ou Konnen?

Kisa ki nan yon non? Èske ou konnen diferans nan siyifikasyon pano estasyònman sa yo?

| | PA RETE LA A (NO STOPPING) | PA KANPE LA A (NO STANDING) | PA ESTASYONE LA A (NO PARKING) |
|---|---|---|---|
| Èske mwen kapab depoze oswa pran pasaje? | Non | Wi | Wi |
| Èske mwen kapab chaje oswa dechaje yon pake oswa machandiz arebò twotwa a? | Non | Non | Wi |
| Èske gen pèmisyon pou mwen rete tann? | Non | Non | Non |

Yo te deziyen tout NYC kòm yon Zòn pou Remòke Veyikil anba Lwa Eta a sou Veyikil ak Sikilasyon Machin (State's Vehicle & Traffic) nan ane 1959. Sa vle di yo ka remòke nenpòt veyikil ke yon moun estasyone oswa kondi ilegalman, oswa ki san plak oswa avèk plak ki ekspire oswa otokolan enspeksyon ki ekspire.

Nan **JOU FERYE OFISYÈL YO**, gen pèmisyon pou rete, kanpe ak estasyone **sof** nan zòn kote règ pou rete, kanpe ak estasyone yo anvigè sèt (7) jou pa semèn (pa egzanp, "Pa Kanpe Okenn Lè [No Standing Anytime]"). Poutèt sa, pakomèt yo p ap anvigè nan jou ferye prensipal ofisyèl yo.

Estasyònman doub veyikil ki gen pasaje yo ilegal pandan toutan, tankou jou netwayaj lari a, kèlkeswa kote a, rezon an oswa kantite tan an.

Li ilegal pou estasyone sou yon distans 15 pye bò kote nenpòt bouch ensandi. Arebò twotwa ki pentire nan pozisyon bouch ensandi yo **PA** endike kote ou kapab estasyone.

Yon veyikil ki gen moun ladan epi ki estasyone ilegalman lakòz menm danje pou sekirite ak blokis menm jan avèk yon veyikil ki pa gen moun ladan. Pran responsablite ou epi estasyone legalman.

***Jou Ferye Prensipal Ofisyèl**

NYC — Eric Adams, Mayor | New York City DOT — Ydanis Rodriguez, Commissioner

Ou kapab rele 311 oswa ale sou sitwèb nyc.gov/dot oswa nyc.gov/dot/asprules pou ou kapab jwenn tradisyon dokiman sa a.

VISION ZERO — Building a Safer City